**BERUNIY TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*230200, Beruniy tumani, Beruniy kuchasi, r/u*

**BERUNIY INTER-DISTRICT ECONOMIC COURT**

*230200, Beruniy, Beruniy street, wn/h*

Tel: 55-102-40-63 e-mail: i.beruniy@sud.uz

**Өзбекстан Республикасы атынан**
**ШЕШИЎШИ ҚАРАР**

Әмиўдәрья районы 2023-жыл 17-март 4-2302-2303/656-санлы ис

Беруний районлар аралық экономикалық судының судьясы Б.Т.Бекмуратов басшылығында, судья жәрдемшиси С.Кучкаровтың хаткерлигинде, Фермерлер кенеси ўәкили [redacted] (2023-жыл 9-март күнги 486-санлы исеним хат), даўагер ўәкили фермер хожалық баслығы [redacted] ҳәм жуўапкер ўәкили [redacted] (2023-жыл 17-январь күнги 15-санлы исеним хат)лардың қатнасыўында, [redacted] даўагер [redacted] фермер хожалығының мәпин қорғап, оның пайдасына жуўапкер жуўапкершилиги шекленген жәмийет түриндеги [redacted] шет ел кәрханасынан 228859316 сўм тийкарғы қарыз, 60871863 сўм жәрийма ҳәм 54784676 сўм пеня өндириўди сораған даўа арзасына тийкар қозғатылған экономикалық исти пуқаралық ислери бойынша Әмиўдәрья район судының имаратында ашық көшпели суд мәжилисинде көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы:**

[redacted] (кейинги орынларда – Фермерлер кеңеси) даўагер [redacted] ФХ (кейинги орынларда – даўагер) мәпинде экономикалық судқа даўа арза менен мүрәжат етип, жуўапкер ЖШЖ түриндеги [redacted] шет ел кәрханасы (кейинги орынларда – жуўапкер)нан 228859316 сўм тийкарғы қарыз, 60871863 сўм жәрийма ҳәм 54784676 сўм пеня өндириўди сораған.

Фермерлер кеңеси ўәкили суд мәжилисинде даўа талаплары тийкарлы екенлигин, бул истеги өз-ара тастыйықланған салыстырыў акти ҳәм басқа да ҳүжжетлер менен тастыйықланатуғынлығын, жуўапкер тәрепинен тийкарғы қарыз қысман, бирақ кеш төлеп берилгенлигин билдирип, даўа арзаны пеняның муғдарын 100 пайыз қоллаған ҳалда қанаатландырып бериўди сорады.

Даўагер ўәкили суд мәжилисинде даўа талапларын қоллап-қуўатлап, жуўапкер тәрепинен қарыздарлық өз ўақтында төленбегенлиги себепли салық ҳәм басқа да қарызлары бойынша пеня есапланып, зыян көрип атырғанлығын, жуўапкер тәрепинен тапсырған пахтасының пуллары усы күнге шекем кешиктирип келингенлиги себепли қалған тийкарғы қарызды ҳәм оған есапланған жәрийма ҳәмде пеняны толық өндирип бериўди сорады.

Жуўапкер ўәкили суд мәжилисинде 2022-жылғы пахта ҳасылы ушын дүзилген фьючерс шәртнамасында фермер хожалықлары пахта шийки затын кластерге жеткизип бериў, кластер болса өнимлерди қабыл етип алыў ҳәм шәртнаманың 4.1-бәндине муўапық 1 тонна пахта шийки затына орташа баҳада 6 512 000 сўмнан ҳақы төлеў миннетлемесин алғанлығын, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-марттағы «Пахташылық тараўында базар принциплерин кеңнен енгизиў ис-иләжлары ҳаққында»ғы ПҚ-4633-санлы қарары 2-бәндиниң «а» киши бәндинде 2020-жылдың ҳасылынан баслап пахта шийки затының сатып алыў баҳасын белгилеў әмелиятынан ўаз кешилиўи белгиленгенлигин, усы қарардың 3-бәнди менен Өзбекстан Республикасы Аўыл хожалығы министрлигине Экономика ҳәм санаат министрлиги, Өзбекстан фермер, дийқан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелери кеңеси ҳәм «Өзтоқымашылықсанаат» бирлеспеси менен биргеликте жәҳән базары баҳалары анализинен келип шығып, ҳәр жылы 1-декабрьге шекем келеси жылдың ҳасылы ушын күтилип атырған минимал баҳалардың жәрияланыўын ҳәмде базарлардағы баҳалар өзгериўинен келип шығып, ҳәр шеректе усы баҳаға дүзетиўлер киритилиўин тәмийинлеў ўазыйпалары жүклетилгенлигин, усы қарардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Аўыл хожалығы министрлиги 2022-жыл 7-сентябрьдеги 03/28/-04/6337-санлы хаты менен жаңа минимал баҳалар жәрияланғанлығын мәлим қылғанлығын, лекин пахта шийки затының минимал баҳасы жәриялыныўында 2022-жылда жәҳән базарында пахта таласы ҳәм оннан ислеп шығарылатуғын өнимлер баҳасының түсип кетиўи инабатқа алынбағанлығын, соған қарамастан райондағы фермер хожалықлары тәрепинен тапсырылған пахта шийки заты ушын пул қаржылары төленип киятырғанлығын, сондай-ақ, пахта шийки заты баҳаларына анықлық киритилмегенлиги ҳәм салық есабатлары мүддетлери келип қалғанлығы себепли фермер хожалықлары үлкен жәриймa суммаларын төлемеслиги ушын олар тәрепинен усынылған есап бети-фактураларын қабыл қылыўға мәжбүр болғанлығын, бүгинги күнде ортадағы баҳада келиспеўшиликлер болып атырғанлығы себепли кластер тәрепинен салыстырыў актлерин дүзиў ислери кешиктирилип атырғанлығын билдирип, даўа арзаны қанаатландырыўсыз қалдырыўды сорады.

**Суд исте қатнасыўшы шахслар ўәкиллериниң түсиниклерин тыңлап ҳәм ис бойынша топланған ҳүжжетлерге ҳуқықый баҳа берип, төмендегилерге тийкар даўа арзаны қысман қанаатландырыўды мақул тапты.**

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодекси (кейинги орынларда – ПК)ниң 8 ҳәм 234-статьяларына тийкар миннетлемелер шәртнамадан, зыян жеткизиў нәтийжесинде ҳәмде усы Кодексте көрсетилген басқа тийкарлардан келип шығады.

Бул жағдайда тәреплердиң миннетлемелери фьючерс шәртнамасынан келип шыққан.

Истеги ҳүжжетлерге қарағанда, тәреплер ортасында пахта шийки затын ҳәм туқымлық пахтаны жеткизип бериў ҳәм сатып алыў бойынша фьючерс шәртнамасы дүзилип, усы шәртнаманың 1.1-бәндине муўапық «хожалық» 2022-жылдың бизнес-режесине тийкар пахта шийки затын «буйыртпашы»ға

жеткизип бериў, «буйыртпашы» болса усы өнимди қабыл етип алыў ҳәм ҳақысын төлеў миннетлемесин алған.

Шәртнама шәртлерин орынлаў мақсетинде даўагер тәрепинен жуўапкерге жәми 1032924047 сўмлық 105240 кг пахта шийки заты жеткизип берилген.

Жуўапкердиң даўагер алдында 2023-жылдың 1-январь ҳалатына терим ушын өткизилген пуллар ҳәм басқа қәрежетлер шегирилгеннен кейин 304359316 сўм қарыздарлығы жүзеге келген.

Жуўапкер тәрепинен 2023-жылдың 31-январь ҳалатына төлеп берилген пуллар шегирилгеннен кейин қалған 228859316 сўм тийкарғы қарыздарлық төлеп берилмегенлиги себепли Фермерлер кеңеси судқа даўа арза менен мүрәжат қылған.

Истеги ҳүжжетлерге қарағанда, жуўапкер тәрепинен даўагерге жуўмақлаўшы есап-китап ушын усы күнге шекем жәми 72000000 сўм төлеп берилген болып, бүгинги күн ҳалатына оның даўагер алдында 232359316 сўм қарызы қалған.

Бирақ, пахтаны қурытыў ҳәм тазалаў ушын 5399849 сўм, ығаллығы ушын 6933350 сўм шегирме усланатуғынлығы, сондай-ақ даўагердиң қосылған қун ҳәм суў салығы ушын жуўапкер тәрепинен туўрыдан-туўры 22000000 сўм өткерип берилгенлиги даўа талабында итибарға алынбаған.

Демек, бул жағдайда Фермерлер кеңеси тәрепинен жәми 34333199 сўм тийкарсыз берилгенлигин есапқа алсақ, жуўапкердиң даўагер алдындағы бүгинги күндеги қарызы 198026117 сўмды қурайды.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-марттағы «Пахташылық тараўында базар принциплерин кеңнен енгизиў ис-иләжлары ҳаққында»ғы ПҚ-4633-санлы қарарының 3-бәндине муўапық, Өзбекстан Республикасы Аўыл хожалығы министрлигине Экономика ҳәм санаат министрлиги, Өзбекстан фермер, дийқан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелери кеңеси ҳәм «Өзтоқымашылықсанаат» бирлеспеси менен биргеликте жәҳән базары баҳалары анализинен келип шығып, ҳәр жылы 1-декабрьге шекем келеси жылдың ҳасылы ушын күтилип атырған минимал баҳалардың жәрияланыўын ҳәмде базарлардағы баҳалар өзгериўинен келип шығып, ҳәр шеректе усы баҳаға дүзетиўлер киритилиўин тәмийинлеў ўазыйпалары жүклетилген.

Соған тийкар Өзбекстан Республикасы Аўыл хожалығы министрлиги тәрепинен 2022-жылдың ҳасылы ушын бир тонна пахта шийки затының минимал баҳалары белгилеп берилген. Усы минимал баҳадан келип шыққан ҳалда пахта шийки затын жетистириўши ҳәм оны қабыл қылыўшы субъектлер шәртнамалық қатнасықлар шеңберинде пахта шийки затының баҳаларын өз-ара мәпли келисим тийкарында ғәрезсиз рәўиште белгилейди.

Бул жағдайда пахта шийки затының баҳасы тәреплер ортасында өз-ара келисилип, тастыйықланған есап бети-фактуралар тийкарында жүритилген.

Истиң бул жағдайлары суд мәжилисинде тийисли дәлийллер менен өз тастыйығын толық тапқанлығы себепли суд 228859316 сўм тийкарғы қарыздарлықты өндириў ҳаққындағы даўа талабын қысман қанаатландырыўды, жуўапкерден даўагердиң пайдасына 198026117 сўм өндириўди, қалған бөлегин қанаатландырыўсыз қалдырыўды лазым тапты.

Сондай-ақ, Фермерлер кеңеси өз даўа арзасында жуўапкерден даўагер пайдасына фьючерс шәртнамасының 5.4-бәндине тийкар 60871863 сўм жәрийма ҳәм 54784676 сўм пеня өндириўди сораған.

Пеняның муғдары даўагер тәрепинен 2022-жылдың 1-январь ҳалатына жүзеге келген 304359316 сўм ҳәм 2022-жылдың 31-январь ҳалатына жүзеге келген 228859316 сўм қарыздарлықлардан келип шығып есапланылған.

Суд тәрепинен тийкарлы деп табылған 270026117 сўмға болса, 47524596 сўм пеня есапланылды.

ПК 333-статьясының биринши бөлимине муўапық қарыздар айыбы болған жағдайда миннетлемени орынламаған яки лазым дәрежеде орынламағанлығы ушын, егер нызам ҳүжжетлеринде яки шәртнамада басқаша тәртип белгиленген болмаса, жуўап береди деп көрсетилген.

Фьючерс шәртнамасының 4.4-бәндинде «буйыртпашы» тәрепинен «хожалық»тың жеткизип берилген пахта шийки заты баҳасының жуўмақлаўшы есап-китаплары терим ушын өткерилген пуллар ҳәм басқа қәрежетлер шегирилгенинен қалған бөлеги ҳасыл жылының 31-декабрине шекем, туқымлық пахтаның 1-басқышта тапсырылған туқымлық пахта шийки заты ушын есапланған үстемениң 50 пайызы муғдарында туқымлық хожалықларына пахта шийки затын «буйыртпашы»ға тапсырған ўақытта төлемлер әмелге асырлатуғынлығы көрсетилген.

Сондай-ақ, фьючерс шәртнамасының 5.4-бәндинде усы шәртнамаға муўапық белгиленген мүддетлерде аванс пулларын, тапсырылған (жүклеп жөнетилген) пахта шийки заты ҳақысын төлеўден тийкарсыз мойын таўлағанлығы ушын «буйыртпашы» «хожалық»қа белгиленген үстемелер төлениўи инабатқа алынбаған ҳалда тийкарсыз төлеўден мойын таўлаған сумманың 20 пайызы муғдарында жәрийма төлейтуғынлығы, жәриймадан тысқары «буйыртпашы» «хожалық»қа мүддети өткизип жиберилген ҳәр бир күн ушын мүддети өткизип жиберилген төлем суммасының 0,4 пайызы муғдарында, бирақ мүддети өткизип жиберилген төлем суммасының 50 пайызынан артық болмаған муғдарда пеня төлейтуғынлығы көрсетилген.

Бирақ, Өзбекстан Республикасы Жоқарғы хожалық суды Пленумының 2007-жыл 15-июнь күнги «Миннетлемелерди орынламағанлық яки лазым дәрежеде орынламағанлық ушын мүлкий жуўапкершилик туўрысындағы пуқаралық нызам ҳүжжетлерин қоллаўдың айырым мәселелери ҳаққында»ғы 163-санлы қарарының 3-бәндинде, егер шәртнамада әйне бир миннетлемениң бузылыўы ушын неустойканы ҳәм жәрийма, ҳәм пеня көринисинде төлеў нәзерде тутылған болса, судлар нызамшылықта басқаша жағдайлар нәзерде тутылмаған болса, даўагер текғана бир түрдеги неустойка қоллаўды талап қылыўға ҳақылы екенлигине итибар қаратыўы кереклиги ҳаққында түсиник берилген.

Жоқарыдағы Пленум қарарының 4-бәндинде болса, ПКниң 326-статьясына муўапық суд қарыздар тәрепинен миннетлемелердиң орынланыў дәрежесин, миннетлемеде қатнасыўшы тәреплердиң мүлкий аўҳалын, сондай-ақ кредитордың мәпин итибарға алып, неустойка муғдарын кемейтиўге ҳақылы екенлиги көрсетилген.

Сонлықтан, суд жуўапкер тәрепинен миннетлемелердиң орынланыў дәрежесин, пеняның толық өндирилиўи жуўапкердиң экономикалық

жағдайына кери тәсир көрсететуғынлығын ҳәмде даўагердиң мәплерин итибарға алып, 47524596 сўм пеняны 40 пайызға, яғный 19009838 сўмға қанаатландырыўды, пеняның қалған бөлегин ҳәм жәримйа өндириў талабын қанаатландырыўсыз қалдырыўды лазым тапты.

Буннан тысқары, Өзбекстан Республикасының Экономикалық процессуал кодекси 118-статьясы биринши, екинши ҳәм алтыншы бөлимлерине муўапық суд қәрежетлери исте қатнасыўшы шахслардың қанаатландырылған даўа талаплары муғдарына муўапық түрде олардың мойнына жүклетиледи.

Шешиўши қарар өз пайдасына шығарылған тәрепке ис бойынша қылынған барлық суд қәрежетлериниң орны, ҳәттеки басқа тәреп мәмлекетлик бажыны төлеўден азат етилген болса да усы басқа тәреп есабынан қапланады.

Егер даўагер тәрепинен билдирилген неустойканы өндириў ҳаққындағы талап тийкарлы болып, бирақ оның муғдары нызам ҳүжжетлеринде белгиленген ҳуқықтан пайдаланылған ҳалда суд тәрепинен кемейтирилген болса, суд қәрежетлериниң кемейтирилиўи есапқа алынбаған ҳалда өндирилиўи лазым болған неустойка суммасынан келип шыққан ҳалда, суд қәрежетлери жуўапкердиң мойнына жүклетилиўи лазым.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 10-октябрьдеги «Фермер, дийқан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелери хызметин және де раўажландырыў бойынша ис-иләжлар ҳаққында»ғы ПҚ-3318-санлы қарарының 3-бәндинде Фермерлер кеңеси фермер, дийқан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелери мәплерин гөзлеп судқа мәмлекетлик бажы төлеместен даўа арзалары, мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўы органлары, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият органларының қарарлары, олардың лаўазымлы шахслары ис-ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) үстинен шағымлар усыныўлары мүмкинлиги, бунда даўа арзасы қанаатландырыўсыз қалдырылғанда мәпи гөзлеп даўа арзасы киритилген фермер, дийқан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелеринен мәмлекетлик бажы өндирилмеслиги белгиленип қойылған.

Өзбекстан Республикасы «Мәмлекетлик бажы ҳаққында»ғы Нызамына қосымша қылынған Мәмлекетлик бажы ставкалары муғдарларының 2-бәнди «а» киши бәндинде мүлкий түске ийе даўа арзалар ушын даўа баҳасының 2 пайызы муғдарында, бирақ базалық есаплаў муғдарының 1 есесинен кем болмаған муғдарда мәмлекетлик бажы ҳәм Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Президиумының 2022-жыл 28-декабрьдеги РС-71-22-санлы қарарында барлық ислер бойынша базалық есаплаў муғдарының 10 пайызы муғдарында почта қәрежети төленетуғынлығы көрсетилген.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 20-майдағы «Ис ҳақи муғдарын асырыў ҳаққында»ғы ПФ-138-санлы Пәрманына тийкар 2022-жыл 1-июннан баслап базалық есаплаў муғдары 300 000 сўм етип белгиленген.

Фермерлер кеңеси тәрепинен ис бойынша алдыннан 2023-жыл 30-январь күни 30 000 сўм почта қәрежети төленген.

Сол себепли, суд даўа талабының тийкарлы бөлеги бойынша жуўапкерден республика бюджетине 4841014 сўм мәмлекетлик бажы ҳәм

Фермерлер кеңеси пайдасына 30 000 сўм почта қәрежетин өдириўди лазым тапты.

Жоқарыдағыларға тийкар ҳәм Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 118, 176-179-статьяларын басшылыққа алып, суд

**ҚАРАР ЕТТИ:**

Даўа арза қысман қанаатландырылсын.

Жуўапкер жуўапкершилиги шекленген жәмийет түриндеги [redacted] шет ел кәрханасынан даўагер [redacted] фермер хожалығының пайдасына 198026117 сўм тийкарғы қарызы ҳәм 19009838 сўм пеня, жәми 217035955 сўм өндирилсин.

Даўа талапларының қалған бөлеклери қанаатландырыўсыз қалдырылсын.

Жуўапкер жуўапкершилиги шекленген жәмийет түриндеги [redacted] шет ел кәрханасынан [redacted] пайдасына 30 000 сўм почта қәрежети өндирилсин.

Жуўапкер жуўапкершилиги шекленген жәмийет түриндеги [redacted] шет ел кәрханасынан республика бюджетине 4841014 сўм мәмлекетлик бажы өндирилсин.

Шешиўши қарар қабыл етилгеннен кейин бир айлық мүддет өткеннен соң нызамлы күшине киреди.

Шешиўши қарар нызамлы күшине киргеннен соң орынлаў хатлар берилсин.

Шешиўши қарар үстинен усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына бир ай мүддет ишинде апелляциялық тәртипте арза (прокурор протест) келтириўге ҳақылы.

**Судья** **Б.Т.Бекмуратов**